



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK A AP ENFÒME 49 LÒT ETA SOU MALADI KI AN RAPÒ AK COVID YO KAY TIMOUN YO

Eta a ap fè investigasyon sou 85 ka ki rapòte nan New York

Gouvènè a pwopoze "Premye Lwa Ameriken" ki di yon antrepriz pa ka resevwa finansman gouvènman an si li pa re-anboche menm kantite anplwaye li te genyen anvan pandemi an

Li pibliye Dekrè Egzekitif ki mande pou tout pèsonèl mezon retrèt pou yo fè tès pou COVID-19 de fwa pa semèn

Dekrè Egzekitif la di ke lopital yo pa ka libere yon pasyan nan yon mezon retrèt amwenske pasyan sa teste negatif pou COVID-19

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la te distribiye nouvo tretman Remdesivir bay New York pou ede pasyan ki enfekte yo avèk retablisman COVID-19 la pi rapid

Konfime 2,273 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 335,395; gen nouvo ka nan 47 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York a ap enfòme 49 lòt eta nan tout peyi sou nouvo ka pou maladi ki an rapò ak COVID kay timoun yo. Eta a ap fè investigasyon sou 85 ka ki rapòte nan New York kote timoun - prensipalman timoun ki gen laj pou ale lekòl yo - gen sentòm tankou maladi Kawasaki ak sendwom toksik ki tankou yon chòk ki sanble rive akòz COVID-19 la. Maladi a te retire lavi twa jèn Nouyòkè epi gen de lanmò anplis ki nan investigasyon aktyèlman la.

Gouvènè Cuomo te pwopoze "Premye Lwa Ameriken" (Americans First Law) an ki di yon antrepriz pa ka kalifye pou resevwa finansman gouvènman an si li pa re-anboche menm kantite anplwaye antrepriz sa a te genyen anvan pandemi COVID-19 la.

Gouvènè a te anonse tou ke li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki mande tout mezon retrèt yo ak sant swen pou granmoun yo pou teste tout pèsonèl yo pou COVID-19 de fwa pa semèn epi rapòte nenpòt rezilta tès pozitif bay Depatman Sante Eta a nan jou apre a. Dekrè Egzekitif la di tou pou lopital yo pa ka libere yon pasyan nan yon mezon retrèt amwenske pasyan sa teste negatif pou COVID-19.

Tout administratè mezon retrèt ak sant swen pou granmoun yo pral gen obligasyon pou soumèt yon plan sou fason yo pral reyalize tès sa a ak yon sètifika konfòmite avèk Dekrè Egzekitif sa a bay Depatman Sante (Department of Health) Eta a rive vandredi 15 me.

Nenpòt mezon retrèt oswa sant swen pou granmoun yo jwenn ki vyole Dekrè Egzekitif la ka gen sètifika operasyon li ki sispann oswa anile oswa ka gen pou peye amann pou non-konfòmite ki se 2,000 dola pou chak vyolyasyon pa jou. Anplis de sa, nenpòt pèsònèl ki refize teste pou COVID-19 pral konsidere ke li gen evalyasyon sante ki pa ajou oswa pa konplè epi, lè sa a, ap entèdi pou travay nan mezon retrèt oswa sant swen pou granmoun lan jiskaske li fè tès la.

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la ap distribye yon tretman ki pwomèt ki rele Remdesivir ki te ede pasyan ki enfekte ak COVID-19 la retabli pi vit. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la te voye ase antiviral bay New York pou trete 2,900 moun nan 15 lopital epi pral voye plis dòz nan semèn k ap vini yo pou trete 500 pasyan anplis, sa gen ladan timoun, nan lòt lopital nan New York.

"N ap aprann nouvo bagay sou viris COVID-19 la chak jou epi youn nan nouvo devlopman ki pi enkyetan yo se ka maladi ki gen rapò ak COVID kay timoun yo ki touye twa jèn Nouyòkè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Depatman Sante Eta a ap alète tout 49 eta yo nan tout peyi a sou sitiyasyon k ap evolye sa a pandan New York kontinye ap envestige maladi a epi rasanble fè yo rapid pou nou ka ede anpeche plis timoun malad."

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,273 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 335,395 ka konfime nan Eta New York. Nan total 335,395 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,432	16
Allegany	36	1
Broome	373	1
Cattaraugus	60	0
Cayuga	58	5
Chautauqua	41	1
Chemung	131	0
Chenango	109	0
Clinton	76	0
Columbia	312	8
Cortland	29	0
Delaware	64	1
Dutchess	3,359	40
Erie	4,453	116
Essex	32	1

Franklin	17	0
Fulton	107	3
Genesee	172	2
Greene	206	2
Hamilton	5	0
Herkimer	79	2
Jefferson	68	1
Lewis	11	0
Livingston	102	1
Madison	251	1
Monroe	1,821	46
Montgomery	67	1
Nassau	38,217	189
Niagara	643	16
NYC	184,417	1,128
Oneida	660	22
Onondaga	1,265	47
Ontario	106	2
Orange	9,543	57
Orleans	126	4
Oswego	75	0
Otsego	67	0
Putnam	1,089	9
Rensselaer	409	2
Rockland	12,451	51
Saratoga	402	3
Schenectady	571	0
Schoharie	46	0
Schuyler	7	0
Seneca	49	1
St. Lawrence	187	0
Steuben	227	1
Suffolk	36,702	241
Sullivan	1,093	22
Tioga	105	1
Tompkins	132	0
Ulster	1,450	10
Warren	207	5

Washington	206	2
Wayne	80	1
Westchester	31,294	207
Wyoming	77	2
Yates	21	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)